# Jalpı aymaqlıq ónim

Dáslepki maǵlıwmatlar boyınsha, 2021- jıldıń yanvar-sentyabr aylarında Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha jalpı aymaqlıq ónim (keyingi orınlarda - JAÓ) kólemi hárekettegi bahalarda 18 122,2 mlrd. sumdı quradı hám 2020- jıldıń yanvar-sentyabr ayları menen salıstırǵanda 7,4 % ke ósti.

JAÓ deflyator indeksi 2020- jıldıń yanvar-sentyabr aylarındaǵı bahalarǵa salıstırǵanda 114,0 % ti quradı.

Ózbekstan Respublikası boyinsha JAÓniń qáliplesiwine Qaraqalpaqstan Respublikasınıń qosqan úlesi 3,5 % ine tuwra keledi.

**2020-2021- jıllardiń yanvar-sentyabr aylarında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha JAÓ di islep shıǵarıw kólemi hám ósim pátleri**

| | | *Mlrd. sum* | | *Ósim pátleri, ótken jılǵa salıstır-ǵanda % te* |
|---|---|---|---|---|
| | | *2020- jıl* | *2021- jıl* | |
| | **I. JAÓ** | **14 798,4** | **18 122,2** | **107,4** |
| | *sonnan:* | | | |
| | Tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı | 13 878,8 | 16 684,6 | 107,3 |
| | Ónimlerge bolǵan salıqlar | 919,6 | 1437,6 | 108,2 |
| | **II. Tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı** | **13 878,8** | **16 684,6** | **107,3** |
| | **Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı** | **3 583,0** | **4 330,1** | **105,8** |
| | **Sanaat (qurılıstı qosqan halda)** | **5 046,6** | **6 033,4** | **106,8** |
| | sanaat | 3 770,2 | 4 525,0 | 105,8 |

| | | *Mlrd. sum* | | *Ósim pátleri, ótken jılǵa salıstır-ǵanda % te* |
|---|---|---|---|---|
| | | *2020- jıl* | *2021- jıl* | |
| | qurılıs | 1 276,4 | 1 508,4 | 109,8 |
| | **Xızmetler** | **5 249,2** | **6 321,1** | **108,9** |
| | tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs | 728,1 | 872,2 | 107,4 |
| | Sawda, turar jay hám awqatlanıw | 836,0 | 1 041,2 | 117,4 |
| | basqa xızmet túrleri | 3 685,1 | 4 407,7 | 107,2 |

Xalıqtıń jan basına esaplanǵan JAÓ 9 381,9 mıń sumdı quradı hám bul kórsetkish ótken jılǵa salıstırǵanda 6,0 % ke ósti.

**2020-2021- jıllardiń yanvar-sentyabr aylarında xalıqtıń jan basına esaplanǵan JAÓ kólemi hám ósim pátleri**



| | 2020- jıl | 2021- jıl |
|---|---|---|
| **Xalıqtıń jan basına esaplanǵan JAÓ kólemi** (*mıń sum*) | 7 758,4 | 9 381,9 |
| **Xalıqtıń jan basına esaplanǵan JAÓ ósim pátleri** (*ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda % te*) | - 0,7 | 6,0 |

Aymaq ekonomikasınıń barlıq tarawlarınıń jalpı qosılǵan qunı (JQQ) kólemi ulıwma JAÓ niń 92,1 % in, ónimlerge bolǵan salıqlar bolsa 7,9 % in quradı.

Esabat dáwirinde awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵınıń JAÓ niń tarawlar boyınsha quramındaǵı úlesi 26,0 % ti, sanaat tarawı 27,1 % ti, qurılıs 9,0 % ti hám xızmetler tarawı 37,9 % ti quradı.

**2020-2021- jıllardiń yanvar-sentyabr aylarında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha JAÓ quramı** *(jámine salıstırǵanda % te)*

| | 2020- jıl | 2021- jıl |
|---|---|---|
| **I. JAÓ** | **100,0** | **100,0** |
| *sonnan:* | | |
| Tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı | 93,8 | 92,1 |
| Ónimlerge bolǵan salıqlar | 6,2 | 7,9 |
| **II. Tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı** | **100,0** | **100,0** |
| **Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı** | **25,8** | **26,0** |
| **Sanaat (qurılıstı qosqan halda)** | **36,4** | **36,1** |
| sanaat | 27,2 | 27,1 |
| qurılıs | 9,2 | 9,0 |
| **Xızmetler** | **37,8** | **37,9** |
| tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs | 5,2 | 5,2 |
| Sawda, turaq jay hám awqatlanıw | 6,0 | 6,2 |
| basqa xızmet túrleri | 26,6 | 26,5 |

## 2020-2021- jıllardıń yanvar-sentyabr aylarında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha JAÓ quramı *(jámine salıstırǵanda % te)*

### 2020- jıl




### 2021- jıl



JAÓ niń ósiwi aymaq ekonomikasınıń tiykarǵı tarawlarındaǵı unamlı ósim pátleri menen baylanıslı. Ósim pátleri awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵında – 105,8 % (JAÓ niń tarawları boyınsha quramındaǵı úlesi – 26,0 %), sanaatta – 105,8 % (27,1 %), qurılısta – 109,8 % (9,0 %), xızmetler tarawında – 108,9 % ti (37,9 %) quradı. Xızmetler tarawı quramında ósim pátleri sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetlerde 107,4 % (5,2 %), tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs 117,4 % (6,2 %), basqa xızmet tarawlarında 107,2 % ten (26,5 %) ibarat boldı.



**2020-2021- jıllardıń yanvar-sentyabr aylarında JAÓ niń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha ulıwma ósim pátleri**
*(ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda % te)*








JAÓ ósiwine awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı tarawı 1,4 p.p. (2020- jıldıń yanvar-sentyabr aylarında – 0,4 p.p.), sanaat tarawı – 1,5 p.p. (2020- jıldıń yanvar-sentyabr aylarında – 0,7 p.p.) hám qurılıs tarawı – 0,8 p.p. (2020- jıldıń yanvar-sentyabr aylarında – 0,1 p.p.), xızmet kórsetiw tarawı –3,2 p.p. (2020- jıldıń yanvar-sentyabr aylarında – 0,4 p.p. azaydı) salmaqlı úles qostı. Ónimlerge bolǵan salıqlardıń ósiwi esabına JAÓ 0,5 p.p. ke kóbeygen.

**2021- jıldıń yanvar-sentyabr aylarında JAÓ ósiwinde tarawlardıń úlesi** (*jámine salıstırǵanda % te*)



2021- jıldıń yanvar-sentyabr aylarında JAÓ deflyatorı indeksi 2020- jıldıń yanvar-sentyabr aylarındaǵı bahalarǵa salıstırǵanda 114,0 %ti quradı. JAÓ deflyatorı indeksiniń eń joqarı kórsetkishleri awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵında – 114,3 % hám sanaatta – 113,4 % boldı.

**2020-2021- jıllardıń yanvar-sentyabr aylarında JAÓ niń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha deflyator indeksi**
*(ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda % te)*




**2020-2021- jıllardıń yanvar-sentyabr aylarında JAÓda kishi isbilermenliktiń úlesi (JQQġa salistirġanda %te)**




2021- jıldıń yanvar-sentyabr aylarında kishi isbilermenlik subyektleriniń JAÓdegi úlesi 56,1 % ti quradı (2020- jıldıń yanvar-sentyabrında – 55,9 %).

Kishi isbilermenliktiń JAÓ degi úlesiniń ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ósiwi iri kárxanalar úlesiniń kemeyiwi menen sıpatlanadı.